दिन–रवि दिनांक–18 / 03 / 2018

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः– शाम 06:15 बजे सँ अवधिः– 05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ खगड़िया जिलाक चौथम प्रखंडक सोनवर्षा घाट मे बाढ़ प्रबंधन आओर तटबंध पक्कीकरण योजनाक अंतर्गत छओ अरब सॅ बेसीक चारि योजनाक शिलान्यास कयलनि। एहि मे बागमती बाढ़ प्रबंधन योजना फेज तीनक अंतर्गत हायाघाट सॅ डुमरी पुल धरि बागमती नदीक दाँया तटबंधक सुदृढ़ीकरण, कोसी नदीक दाँया किनारक नगरपाड़ा तटबंधक उच्चीकरण, गंगा नदीक बाँया किनार मथार दियारा लऽग कटाव निरोधक काज आओर बदला घाट नगरपाड़ा तटबंधक पक्कीकरणक काज शामिल अछि। एहि अवसर पर जल संसाधन मंत्री राजीव रंजन सिंहक संग कतेको गणमान्य लोकसभ उपस्थित छलाह।

————————————————————

उप मुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदी सीतामढ़ी बस हादसा पर दुःख जतबैत सड़क सुरक्षाक बढ़िया उपाय करबाक भरोसा देलनि अछि। श्री मोदी आई मुजफ्फरपुरक एसकेएमसीएच मे ई हादसा मे घायल यात्री सभ सॅ भेटक बाद पत्रकार सभ सॅ गपसप कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे विकास आयुक्तक अध्यक्षता मे सड़क सुरक्षाक लेल एक कमिटिक गठन कयल गेल अछि। अगिला तीन मास मे सड़क पर सुरक्षित परिचालनक लेल चिह्न आओर बोर्ड लगाओल जायत। संगहि, सभ जिला मे सड़क सुरक्षा समिति एहन ठामक खोज करत जतय बेसी दुर्घटना भऽ रहल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे केन्द्र सरकार एनएचएआइक माध्यम सॅ राज्य के चालीस एंबुलेंस दऽ रहल अछि। एहि सॅ एनएच पर भऽ रहल घटना मे घायल सभ के शीघ्रहि चिकित्सीय सुविधा देल जा सकत।

————————————————————

सीतामढ़ी जिलाक रून्नीसैदपुर मे भेल बस हादसा मामिला मे घायल यात्री रंजीत रायक बयान पर थाना मे प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। रून्नीसैदपुरक थाना प्रभारी शिवनारायण राम जनौलनि जे प्राथमिकी मे बस संचालक संतोष चौधरी आओर चालक विनय राय के आरोपित बनाओल गेल अछि। थाना प्रभारी जनौलनि जे इ मामिला मे दोषी पाओल गेला पर जिला परिवहन पदाधिकारीक खिलाफ सेहो कार्रवाई होयत। ज्ञातव्य अछि जे काल्हि मुजफ्फरपुर सॅ औराई जा रहल बस के पुलक रेलिंग

तोड़ि कऽ खद्दा मे उनटि गेला सँ चौदह लोकक मृत्यु भऽ गेल छल जखनकि चालीस सँ बेसी यात्री घायल भऽ गेल छलाह।

————————————————————

कृषि मंत्री राधामोहन सिंह जनौलनि जे केन्द्र सरकार दू हजार बाईस धरि किसानक आय दुगुना करबाक लेल पर संकल्पित अछि। श्री सिंह आई नव दिल्ली मे कृषि उन्नति मेलाक समापन समारोह मे जनौलनि जे किसानक कल्याणक लेल केन्द्र सरकारक प्रयासक उत्साहवर्धक परिणाम आबय लागल अछि। ओ जनौलनि जे आब किसान नव तकनीक आओर खोजक उपयोगक लेल जागरूक भेलाह अछि। ओ जनौलनि जे पछिला सरकार अपन कार्यकाल मे कृषि पर एक लाख एकैस हजार करोड़ टाका खर्च कऽ चुकल अछि।

————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी ई मासक पच्चीस तारीख कऽ आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रमक माध्यम सँ देशवासी सभक संग अपन विचार साझा करताह। मन की बात कार्यक्रमक ई बियालिसवाँ कड़ी होयत। लोक सभ अपन विचार आओर सुझाव नरेन्द्र मोदी एप आओर माई जीओवी ओपन फोरम पर साझा कऽ सकैत छथि। टोल फ्री नम्बर एक आठ शून्य शून्य एक एक सात आठ शून्य शून्य पर हिन्दी आओर अंग्रेजी मे अपन संदेश रिकार्ड करा सकैत छथि। ओतहि, एक नओ दू दू पर मिस्ड कॉल दऽ कऽ एसएमएस सँ भेटल लिंक सँ सोझे प्रधानमंत्री के संदेश पठाओल जा सकैत अछि।

————————————————————

भारतीय सूचना सेवाक अवकाश प्राप्त वरिष्ठ अधिकारी गुलाम मोहम्मद मुस्तफाक बीमारीक कारण गुड़गाँवक एक निजी अस्पताल मे आइ निधन भऽ गेलनि। ओ चौहत्तर वर्षक छलाह। श्री मुस्तफा दरभंगा जिलाक बहेड़ी गामक रहयवला छलाह। अपन सेवाकालक दरमियान ओ आकाशवाणी, पीआईबी आओर क्षेत्रीय प्रचार निदेशालय सहित आनो विभाग मे रहलाक। श्री मुस्तफाक निधन पर कतेको बुद्धिजीवी सभ शोक व्यक्त कयलनि अछि।

————————————————————

भारतीय विशिष्ट पहचान प्राधिकरण—यूआईडीएआई लोक सभ सँ कोनो सेवा लेबाक लेल इंटरनेट पर आधार संख्या जेहेन व्यक्तिगत जनतब देबय काल सावधानी बरतबाक लेल कहलक अछि। एक विज्ञप्ति मे प्राधिकरण आधार पहचान प्रणाली के मजगूत जनबैत जनौलक जे किछु शरारती तत्वक दिस सँ इंटरनेट पर आधार कार्ड पोस्ट कयल सँ आधार सुरक्षा पर कोनो असर नहि होयत।

————————————————————

नव वर्ष विक्रम संवत दू हजार पचहत्तर आइ सॅ शुरू भऽ गेल अछि। आइ सॅ सेहो वासंतिक नवरात्र शुरू भऽ गेल अछि। नवरात्रक पहिल दिन देवी दुर्गाक प्रथम स्वरूप शैलपुत्रीक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर प्रदेश भरि मे मंदिर आ शक्तिपीठ के आकर्षक ढ़ंग सॅ सजाओल गेल अछि। राष्ट्रपति रामनाथ कोविन्द, उपराष्ट्रपति वेंकैया नायडू आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोकसभ के नववर्ष आओर नवरात्रक शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————

## एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।